

Rondera abagenzi bashasha

Uyu mwimenyerezo uragufasha (1) kumenya abagenzi bawe somambike abo ari bo no (2) kubona ingene worondera abandi.


Igituma bihambaye: Gucudika gusa n'abasanze ari abagenzi bawe vyoshobora gutuma uhomba ubugenzi buryoshe cane wari kugirana n'abandi.

1

Aho hari utuburungu kuri uwo muringi mutoyi, handike abagenzi bawe somambike.

2

Aho hari utuburungu kuri uwo muringi munini, handike abandi woshima ko mumenyana cane.



“Kurondera abagenzi bameze nkawe gusa vyotuma uhomba ubugenzi buryoshe wari kugirana n’abantu mutava hamwe canke mutanganya imyaka. Birashobora no gutuma utabona ivyo ukeneye gukosora kugira urushirize kuba umuntu ameze neza.”—Melinda.

Ni bande woshima ko mumenyana cane?

Muri ivyo bintu bitondetse ng'aho hepfo, caguramwo bitatu woshima kubona ku mugenzi. Nimba hari ibindi bitari muri vyo, vyongereko aho hepfo.



Umuntu atabesha

Yitaho ibintu

Yubahiriza umwanya

Atagira urwangara

Atihebura

Atagira nkunzi

Atanga

Akunda ibikorwa

Yigumya

.....

.....

Andika rero abantu uzi ubonako
ivyo bintu wacaguye. (*Ntufatire
ku myaka gusa.*)

IBISHOBORA GUSHIKA



Andika ibintu bibabaje bishobora gushika igihe urondera ku-
menyana n'umuntu atari asanzwe ari umugenzi wawe.

.....

.....

.....



Andika ibintu vyiza bishobora gushika.

.....

.....

.....

WOMUHANURA IKI?

“Kenshi nama nganiriza ba bagenzi nyene. Ni vyo ndaganiriza n’abandi mugabo nama nsanga nagarutse kuri ba bagenzi banje. Nibaza ko kenshi abakiri bato nkanje batinya ko abandi batoshima kubagira abagenzi, bagaca rero bareka kurondera abandi bagenzi.”—Emily.

Wohanura iki Emily kugira areke gutinya kurondera abandi bagenzi?

.....

.....

.....

.....